

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Data dina *National Runaway Safeline* nyebutkeun yèn dina unggal taun aya 1,6 nepi ka 2,8 juta rumaja anu minggat ti imah. Faktor nu jadi kasang tukang rumaja minggat ti imah nyaéta kulawarga sok ngahukum budakna jadi alesan anu utama. Di Indonèsia, alesan rumaja minggat ti imah aya sababaraha rupa, dimimitian tina panandasan kolotna nepi ka hubungan anu teu didoan ku kolotna (Matta, 2016).

Nilik kana studi nu disebutkeun ku Matta aya 89 persèn rumaja anu minggat ti imah ku sabab ngalaman tekenan fisik jeung psikis. Ieu kasus gè horèng lain ukur kapanggih dina dunya nyata tapi ogè geus karèkam 90 taun kalarung dina karya sastra Sunda. Sacara sosial jeung psikologi hal ieu nembongkeun aya nu teu bèrès di masarakat. Ku kituna perkara budak minggat ieu kudu jadi perhatian pikeun sakabèh èlemèn masarakat, utamana pikeun kolot jeung guru.

Ieu informasi perkara rumaja nu minggat dina karya sastra Sunda kapendak dina novel Sunda karya Samsodi nu dimedalkeun ku Balè Pustaka taun 1930 kalawan judul *Budak Minggat*. Ieu novel eusina ngalalakonkeun Si Kampèng, budak umur 16 taun. Éta budak tèh minggat lantaran reuwas, ngadupak bapa tèrèna nepi ka sirah bapa tèrèna getihan tidagor kana tihang imah. Dina minggatna salila kurang-leuwih 10 bulan, Si Kampèng kungsi jadi kuli kontrak di Dèli jeung Bengkalis. Kungsi deuih nulungan kuli bangsa Cina anu rèk dikerekeb ku maung. Ku sabab leukeun diajar tur kaasup budak calakan, manèhna bisa jadi tukang batu jeung tukang kai. Ahirna, manèhna bisa balik deui ka Bandung kalawan salamet bari meunang pangalaman anu kacida munelna tur mawa duit ladang gawèna di Sumatra.

Ngeunaan pangarang ieu novel, Samsodi gelar di Bandung taun 1899, tilar dunya dina kaping 9 Mèi 1987. Kalungguhan Samsodi salaku guru jeung pangarang Indonèsia nu munggaran ngahususkeun diri nulis carita-carita budak. Karya-karyana, diantaranya: *Carita Nyi Halimah*, medal taun 1928. Dua taun ti harita medal deui tilu

bukuna, *Carita Budak Teuneung*, *Carita Budak Minggat*, jeung *Carita Si Dirun*. Ditéma deui ku *Jatining Sobat* jeung *Babalik Pikir* anu medal taun 1931.

Dina jaman sanggeus merdèka, Samsuedi ngarang dina basa Indonèsia, *Pasundan* dina taun 1949. Ari karyana dina basa Sunda, *Pangeran Dipanegara* medal taun 1956. Ti dinya lila teu nulis-nulis nepi ka likurna taun. Taun 1979, medal *Kisah Syafe'i Sumarja* dina basa Indonèsia. Saterusna dina taun 1980-an medal *Minah* dan *Imron* (1980) jeung *Kisah Mandor Hutan* (1983). Ari anu dina basa Sunda nyaéta *Si Bohim* jeung *Tukang Sulap* (1980). Taun 1993, ngaran Samsuedi diabadikeun jadi ngaran hadiah pikeun bacaan buku barudak dina basa Sunda (Samsuedi, 2008, kc. 1).

Novel *Budak Minggat* karya Samsuedi mangrupa novel anu ngirut pikeun ditalungtik ngeunaan tokoh utamana ku èlmu psikologi sastra, lantaran kuat pisan dina ngagambarkeun karakter tokohna anu nyanghareupan masalah nu daria. Dina karya fiksi, karakteristik palaku ngagambarkeun kapribadian hiji jalma. Kapribadian palaku dina karya sastra saèstuna eunteung dina kahirupan nyata, raket patalina jeung kahirupan sosial, jeung kapribadian hiji jalma. Kapribadian atawa potrèt jiwa dina karya sastra anu digambarkeun ku pangarang salian ti ngawakilan jiwa pangarangna, ogè bisa jadi ngawakilan kapribadian jalma sèjèn. Pangarang méré karakter ka palaku dina carita ku cara méré tinimbangan anu daria, sangkan éta karakter merenah jeung diri palaku.

Kapribadian sok dihubungkeun jeung hadè gorèngna paripolah hiji jalma, atawa kabiasaan gorèng jeung kabiasaan alus nu sok dipilampah ku hiji jalma. Nurutkeun Sunaryo (2004, kc. 101) dina umumna, kapribadian individu digambarkeun sacara *dikotomis*, nyaéta kapribadian anu hadè jeung kapribadian anu gorèng. Kapribadian miboga harti anu lega sabab dina sawangan para ahli bèdabèda dumasar kana hasil panalungtikana dina karya sastra.

Nurutkeun Isnéndés (2009, kc. 11) nétélakeun karya sastra téh mangrupa produk tina prosés kréatif anu taya lian mangrupa ékprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana, boh lisan boh tulisan. Éta ébréhan rasa anu ngajangélék jadi sastra téh

Tegas Resta Natura, 2020

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

diwadahan kana wadah nu dianggap merenah ku sastrawan, nya éta dina prosa, puisi, atawa (naskah) drama.

Karya sastra anu dihasilkeun ku sastrawan, kaasup novel, salawasna midangkeun fénoména *gejala-gejala* kajiwaan. Fénoména *gejala-gejala* kajiwaan téh kagambar dina paripolah tokoh-tokohna. Tokoh nu dimaksud nya éta tokoh dina karya sastra atawa tokoh fiksional. Tokoh nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 163) nya éta individu-individu anu dipidangkeun dina hiji carita anu ngalaman peristiwa sarta miboga sikep, sipat, emosi, prinsip, jst.

Unggal tokoh bisa dititén karakterna tina sababaraha gaya nyarita jeung ruparupa éksprési tokoh, kajadian-kajadian nu dialaman ku unggal tokoh, atawa dina déskripsi ogé dina narasi carita. Éta aspék-aspék kajiwaan téh bisa disawang ngaliwatan sisi psikologi. Psikologi jeung karya sastra patali lantaran pasualan manusa anu digambarkeun dina karya sastra teu bisa leupas tina psikologis. Sasaruanna psikologi jeung karya sastra nya èta ngamangpaatkeun kajiwaan dina sastra nu diulik ku psikologi sastra.

Nurutkeun Ratna (2009, kc. 342-344) psikologi sastra boga tujuan mikapaham aspék-aspék kajiwaan anu aya dina karya sastra. Panalungtikan psikologi sastra dilakukeun ku dua cara. Nu kahiji, ku cara mikapaham tiori-tiori psikologis tuluy diayakeun analisis kana hiji karya sastra. Nu kadua, ditangtukeun karya sastra na heula minangka objék panalungtikan, tuluy ditangtukeun tiori-tiori psikologi anu dianggap relevan pikeun ngaanalisis. Jadi, psikologi sastra nya éta kajian sastra anu nilik karya minangka kagiatan kajiwaan pangarangna anu bakal ngagunakeun cipta, rasa, jeung karsa dina nyieun karyana, kitu ogé pamaca dina nanggap karya teu leupas dina kajiwaan séwang-séwang.

Aya sawatara panalungtikan mahasiswa Pendidikan Bahasa Sunda anu sawanda jeung ieu panalungtikan, diantaranya, skripsi anu judulna “Karakteristik Tokoh dina Novel *Prasasti Nu Ngancik Na Ati* karya Popon Saadah pikeun Bahan

Pangajaran di SMA (Tilikan Psikologi Sastra)” ku Deuis Santika taun 2015, jeung skripsi anu judulna “Ulikan Struktural jeung Psikologis kana Novel *Sripanggung Tjaraka*” ku Rany Mahardika taun 2015. Lian dina skripsi aya ogé dina jurnal, anu judulna “Aspék Psikologis Novel *Ajar Kutamangu* karangan Yoseph Iskandar” dina jurnal nu disusun ku, Ruli Setiyadi, Ruhaliah, jeung Dedi Koswara taun 2014.

Sanajan ieu panalungtikan sawanda jeung panalungtikan saacanna, tapi aya bédana, nyaéta objék nu dianalisisna jeung ambahan analisisna. Objék dina ieu panalungtikan nya éta novel *Budak Minggat* karya Samsoedi. Analisisna ngagunakeun struktur karya sastrana jeung nu jadi puseur ulikanna karakteristik tokoh utama dina ieu novel. Pikeun ngamutolaahna unggal tokoh ieu panalungtikan nyoko kana tiori *perkembangan remaja*, ogé ieu panalungtikan bakal dijadikeun bahan pangajaran maca novel di SMA.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “Karakteristik Tokoh Utama dina Novel *Budak Minggat* Karya Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMA (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)”.

1.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung nu dipedar dina kasang tukang di luhur, katitén aya sababaraha pasualan nu kapanggih. Tina éta pasualan-pasualan, ieu panalungtikan miboga rumusan masalah, ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) dina novel *Budak Minggat* karya Samsoedi?
- 2) Kumaha analisis wujud psikologi perkembangan (Piaget jeung Benner) tokoh utama dina novel *Budak Minggat* karya Samsoedi?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar rumusan masalah nu dibahas saacanna ieu panalungtikan tangtu miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun struktur carita dina novel *Budak Minggat* karya Samsoedi. Sarta nganalisis unggal tokoh ngaliwatan psikologi sastra dina ieu novel. Ogé maluruh ngeunaan kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana rumusan masalah, tujuan husus dina panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita (téma, fakta carita jeung sarana carita) dina novel *Budak Minggat* karya Samsoedi;
- 2) analisis wujud psikologi perkembangan (Piaget jeung Benner) tokoh utama novel *Budak Minggat* karya Samsoedi;
- 3) ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung anu dipedar dina tujuan, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat saperti di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun ngajembaran élmu pangaweruh hususna élmu ngeunaan basa jeung sastra Sunda. Salian ti éta panalungtik miharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun pangdeudeul pikeun panalungtikan ka hareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipihareup miboga mangpaat pikeun masarakat umum, saperti ieu di handap.

1. Pikeun nu nalungtik, dipiharep nambahan paélmuan nu keur ditalungtik sarta mikanyaho analisis psikologi sastra nu kapanggih dina novel *Budak Minggat* karya Samsoedi.
2. Pikeun masarakat umum, dipiharep ieu panalungtikan bakal ngajembaran pangaweruh masarakat kana kasastraan hususna dina ulikan struktural jeung psikologi sastra. Tur bisa jadi pangdeudeul pikeun panalungtikan nu sajenis.
3. Sarta hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh hususna dina ajén atikan sarta pangaruhna kana kahirupan sapopoé.

1.5 Raraga Tulisan

Panalungtikan nu dilaksanakeun ku panalungtik kalawan disusun jadi skripsi nu dibagi dua jadi sababaraha bab, nyaéta:

Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, laju dituluykeun kana idéntifikasi sarta rumusan masalah, naon tujuan dina panalungtikan jeung mangpaat pikeun dunya atikan, sarta nu pamungkas aya raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, medar ngeunaan tiori-tiori nu patali jeung panalungtikan nu baris dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan baris dianalisis struktur carita sarta psikologi sastra dina novel *Budak Minggat* karya Samsoedi.

Bab III Metode Panalungtikan, medar metode panalungtikan nu dijerona ngawengku: Cara ngumpulkeun data, ngolah data, desain panalungtikan, sumber panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, medar hasil panalungtikan luyu jeung tiori sarta metode nu digunakeun, naon-naon nu dihasilkeun dina analisis nalika panalungtikan lumangsung. Naon nu ditulis dina ieu bab mangrupa jawaban dina rumusan masalah dina bab hiji.

Bab V Kacindekan, medar metode jeung pembahasan dipungkas ku nyieun kacindekan hasil analisis, jeung medar kumaha balukarna kana pangajaran di sakola, sarta nyieun rékomendasi atawa saran dumasar kana hasil panalungtikan.